

KOMINIKASYON SOU JESYON RIS AK DEZAS NAN KAN YO

POU MOUN KI ALE SOU TEREN POU PARTAJE ENFOMASYON SOU GESYON RIS AK DEZAS

DOKIMAN SA A SE POU FÈ YON TÈS SOU TEREN.

Se OIM, Cwa Rouj Ayisyen, Federasyon Entènasyonal Kwa Rouj ak Kwasan Rouj, Kwa Rouj Ameriken, UNOPS ak Direksyon Pwoteksyon Sivil ki realize dokiman sa a.

MESAJ YO

SEKIRITE FAMNI NOU

- 1 Mande komite kan yo, ajans jesyon kan, e lot otorite lokal si nou gen yon plan evakyasyon pou kan nou
- 2 “Idantifye yon kote ki lwen danje, yon wout sekirize pou rive la, e yon kote ki lwen danje pou reuni avek famni w si nou separe – e partaje plan sa a avek famni w”

ALET AK ENFOMASYON

- 1 “Nou dwe konnen sistem alet ofisyel pou seson siklon nan: ki sa vle di yon alet jon, yon alet oranj, yon alet rouj,
- 2 “Veye anons ofisyel yon nan radio lokal e radio nasyonal a lide nan kominote w la”
- 3 Chita pale avek famni w pou fe yon plan ki kapab fe n konnen ki sa nou pral fe le n tande “alet orange” oubyen “alet rouj”
- 4 “Gen yon atansyon espesyal pou granmou yo, timoun yo, moun ki andikape y oak gwoup ki vilnerab yo, yo kapab pa konnen sa k ap pase a paske li kapab posib pou yo pa gen akse pou yo ta konnen ensomasyon sa yo”
- 5 Fok nou konnen: DPC oubyen OIM kapab voye n yon SMS avek enfomasyon sou seson siklon nan

JESYON ABRI NOU

- 1 “Pran plis prekosyon: mare kod yo, prela ki lach yo, bouche kote ki koule yo pou van ak lapli”
- 2 Rempli sak yo avek te e sab. Si w mete l alantou deyo tant w, l kapab ameche dlo antre. Si w mete l anndan tant w, yo kapab peze tant lan.
- 3 Fouye kanal alantou abri n pou ampeche dlo antre
- 4 “Pa mete bagay ki lou kote ki wo, ranje tout bagay ki kapab sote sot tonbe k ap mete vi w an danje”
- 5 “Kite rout pou n soti yo lib pa kite fatra ladan l, pou ou menm ak famni ou kapab sote vit si li nesese”

PREVENSYON KONT RIS NAN KAN YO

- 1 “Bat pou w toujou kenbe tant ou ak kan pwop, fatra kapab bloke rigol yo epi li kapab koze yon inondasyon”
- 2 “Ede moun k ap netwaye kanal yo pou ka gen mwens inondasyon”
- 3 “Kontinye plante pye bwa epi itilize bon te, li kapab anpeche deboulonnay te a”
- 4 Travay avek kominote w pou identifye lot danje e developpe strateji kont danje sa yo

ALERTE ORANJ

SEKIRITE FAMNI NOU

- 1 “Sere dokiman enpotan w nan yon plastik ki pa ka moue (pyes idantite, papye te, kat vaksinasyon timoun yo, elatriye)”
- 2 Prepare yon ti valiz ak kek bagay pesonel nou an ka si nou ta gen pou n ta deplase byen vit, tankou manje (espasyalman manje tibebe), dlo potab, medikaman, savon, e dokiman w
- 3 Si w genyen kek rad pwop epi ki gen manch long l ap pwoteje w anpil pou mayengwen pa mode w apre siklon nan e proteje timoun kont fredri si yo mouye
- 4 Si w gen radio ak flash ki gen pil, yo nesese anpil. Batpou w gen pil rezeve.
- 5 Sonje pou w toujou chaje telefon ou, epi bat pou l toukou gen kat disponib sou li.

JESYON ABRI NOU

Pou tant yo, suiv 3 etap sa yo:

- 1 retire kod ki mare tant lan
- 2 pliye tant lan
- 3 mete 3 gwo woch sou tant lan

Pou abri proviswa yo, suiv 3 etap sa yo

- 1 Ranfose pot ak fenet yo: klouye 2 planch an kwa, men asire nou fe sa sou kote pot la ouvri
- 2 mete “kod pwoteksyon kont siklon” sou tet kay nou
- 3 pou abri proviswa plastik, retire plastik

Pou tout moun: Dekonekte kouran e rezo si ke ou gen akse ak sa yo

ALET AK ENFOMASYON

- 1 Kontinye koute radyo ak tout konsey otorite yo
- 2 Pa bliye, youn di lot ; pataje konsey sa yo ak vwazen, ak pwoch ou.
- 3 Diskite enko plan kontingens famni n
- 4 Verifye si ou we yon drapo orange
- 5 Fok nou konnen: DPC oubyen OIM kapab voye’n yon SMS avek enfomasyon inpotan. Si nou resevwa’l, di vwasin w ki pa gen akses telefon oubyen ki pa kapab li

ALET ROUJ

MESAJ OFISYEL DPC POU SUIVI YON ALET ROUJ

- 1 Ale kay yon zanmi, yon fanmi ki an sekirite oubyen nan yon abri ki pare pou sa
- 2 Pa bliye : medikaman, manje tibebe ak tout papye enpotan w
- 3 Ede moun ki pi vilnerab yo, tankou : granmoun, timoun, fanm ansent ak andikape
- 4 Kontinye koute radyo ak tout konsey otorite yo
- 5 Rete ke kal
- 6 Pa bliye, youn di lot ; pataje konsey sa yo ak vwazen, ak pwoch ou.

BOUYON

PANDAN

SEKIRITE FAMNI NOU

- 1 Pandan yon siklòn, n ap an plis sekirite si nou rete anndan epi l ap pi bon si nou pa bat pou n wè sa k ap pase deyò a.
- 2 Bat pou w rete yon kote ki an sekirite, lwen fenèt, pòt, ak tout lòt bagay ki kapab vin yon danje pou ou.
- 3 Dekonekte tout sous enèji, tankou gaz ak kab elekytrik yo si w gen aksè ak sa yo.
- 4 Bat pou n pa itilize balèn oubyen lanp ki kapab lakoz dife pran. Si nou itilize flach ak pil l ap pi bon.
- 5 Bat pou w pa fè twòp apèl sou telefòn nou. Sa kapab bloke rezo yo epi ou kapab bezwen chaj la ak kredi ou genyen sou li a pou w ka fè apèl ijan.

SEKIRITE TIMOUN YO:

- 1 Fè anpil pridans ak timoun yo, ede yo konprann sa k ap pase a, yo kapab pè paske yo pa konprann sa k ap pase a.
- 2 Jwe, chante ak jwèt espesyal ap ede timoun yo anpil.

DLO AK PWOPTÉ:

- 1 Bat pou w gen yon mwayen pou si w bezwen twalèt pandan yon ti tan si l nesèsè.
- 2 Pa jete twalèt la pre moun, paske mikwòb li genyen yo kapab lakoz maladi.
- 3 Dlo inondasyon pa bon pou w bwè, li sal epi li plen mikwòb, li kapab fè w malad.. Sèlman bwè dlo si w kwè ke w ka bwè l

IDANTIFIKASYON RIS YO:

- 1 Se pou w toujou veyatif pou si ta gen yon lòt danje. Siklòn yo nòmalman toujou pote gwo lapli, fasilman yo kapab lakoz inondasyon ak deboulonnay.
- 2 Si gen yon siklòn k ap devlope Dousman, mete byen w yo an sekirite, epi chèche yon kote ki wo pou w ka ale ou menm, fanmi w ak vwazen w.
- 3 Si gen yon inondasyon k ap devlope rapid, soti epi ale yon kote ki wo.
- 4 Si gen yon deboulonnay tè, sòti kote a prese prese epi pa rete pran okenn bagay pèsònèl.
- 5 Koute bri ki kapab fè w konnen lè wòch ka tombe ak lè ka gen deboulonnay tè.

ALET AK ENFOMASYON:

1 Koute tout dènye nouvèl ak enfòmasyon yo bay nan radyo epi koute lidè ki nan kominote w la.

2 Fok nou konen: DPC oubyen OIM kapab voye'n yon SMS avek enfòmasyon inpotan

3 Tande chanjman yo ak enstriksyon ki kapab transmèt si sitiyasyon an chanje.

4 Fok nou sonje: apre yon siklon, ond radyo yo oubyen signal telefon kapab koupe

5 Fok nou konen nimewo impotan sa yo:

- ⇒ Polis
- ⇒ Ponpye
- ⇒ MINUSTAH
- ⇒ Kwa Rouj

PREMYE SWEN/ SANTE AK PWOPTE

1 Si yon moun sispan respire, leve manton l e panche tet l en wo pou pemet l respire — e cheche ed toutswit

2 Si gen moun ki blese, peze sou blesi a avek yon rad ki pwop. Si rad la gen twop san, pa retire premye rad sa a. Mete yon lot rad sou premye rad la e kontinye peze sou li. Leve blesi a pi wo pase ke moun nan, sa kapab anpeche san koule.

3 Si moun gen yon zo kase, soutni'l avek 2 planch e asire n ke moun nan pa fe anpil mouvman, e cheche ed toutswit

4 Si gen youn moun nan eta chok, fok nou pa ba'l dlo. Nou kapab konen si moun nan eta chok si :

- Li gen tansyon ki tre ba
- ✓ Li santi yon toudisman
- ✓ Li santi feb oubyen li envi vomi
- ✓ Li swe anpil
- ✓ Li gen respirasyon rapid e kout
- ✓ Li gen oule nan pwatrin, zong ki blue
- ✓ Li pa gen lisidite

5 Timoun ak granmoun yo tre a ris pou "hypothermia" e enfeksyon po a si yo rete nan zon ki gen inondasyon; fok nou proteje yo kont dlo ak van.

ALET AK ENFOMASYON

- 1 Toujou enfòm w nan radyo, epi tande mesaj enpòtan lidè kominote w la ap bay.
- 2 Fok nou konnen: DPC oubyen OIM kapab voye'n yon SMS avek enfomasyon inpotan
- 3 Pa sòti deyò si w pa konnen si l an sekirite.

IDANTIFIKASYON RIS

- 1 Pa travèse dlo. Li kapab pa posib pou wè si l ap prale rapid oubyen si l fon kote w ap gade a.
- 2 Rete veyatif pou dechè yo oubyen debri ki tonbe yo, bagay pwenti, menm jan ak bagay ki kapab envizib yo anba dlo.
- 3 Pa manyen fil kouran oubyen kab, mache ak pridans, evite rantre nan labou pou n ka evite chòk elektrik.
- 4 Gen anpil pridans avèk tant yo ak abri pwovizwa yo.
- 5 Vwazen ki kapab pa stab aprè yon tanpèt. Gen yon pridans espesyal pou lè n ap travèse pon oubyen lòt estrikti ki ka pa fin an sekirite. Kèk fwa li konn pa fasil pou wè danje sa yo.

SEKIRITE FAMNI N

- 1 Yon fwa ou an sekirite pou w sòti, evite kote ki gen pwoblèm yo epi toujou rete okouran sou lòt danje yo.
- 2 Pran prekosyon espesyal pou w ka siveye timoun yo, sa ka rive yo paka wè lòt danje yo.
- 3 Si w gen aksè ak sous enèji yo, tankou gaz ak fil elektrik pa itilize yo sèl yo te di nou ke li bon pou n itilize yo.
- 4 Bat pou n seche rad ak bagay pèsònèl nou ki mouye yo pi rapid posib paske yo ka pouri oubyen nou ka pèdi yo.
- 5 Verifye tout bagay pèsònèl nou, gade si yo gate oubyen si n pa wè yo.

SANTE AK PWOPTE

- 1 Maladi yo kapab gaye fasilman aprè yon ijans
- 2 Dlo inondasyon pa bon pou w bwè, li sal epi li plen mikwòb, li kapab fè w malad
- 3 Jete twalèt yo nan latrin kan w lan, pandan w ap pran prekosyon espesyal ak twalèt timoun yo, ki gen anpil mikwòb ki kapab lakoz maladi.
- 4 Lave men w avèk dlo ak savon si w gen aksè ak sa yo paske yo kapab ede w nan prevansyon maladi yo, espesyalman anvan w prepare manje, aprè w fin manje ak aprè lè w sòt nan twalèt.
- 5 Mayengwen yo renmen grandi kote ki gen ma dlo ki gen tan. Ranmase fatra yo epi kouvri tout bagay ou mete dlo pou n ka evite yo fè mayengwen tou prè ak anndan abri pwovizwa yo.

AKSYON KOMINOTE

- 1 Chèche konnen kòman vwazen w yo ak zanmi w yo ye, plis sa ki pi vilnerab yo ak sa k pa gen posiblite pou yo chèche èd, espesyalman granmoun yo, andikape yo oubyen timoun ki kapab poukont yo.
- 2 Pote kole ak travay resansman moun ki afekte yo ansanm ak kominote ki frape yo.
- 3 Pote kole nan tout travay netwayaj k'ap fèt. Yon fason pou n evite danje si gen lòt katastròf ki rive.
- 4 Yon fason pou n evite danje si gen lòt katastròf ki rive.
- 5 Kontinye rete veyatif pou lot siklon yo ki kap vini

BOUYON

STRATEJI AK AKTIVITE YO

IDANTIFIKASYON RIS

Strateji jeneral: komanse aktivite sa yo avek komite kan yo. Apre, organise kek gwoup ki gen 10-20 moun ki tet famni pou fe yon bon diskisyon. Pote ave'w yon kat OSM si yo te déjà visite kan sa a, plim yo, e papye.

PREVANSYON

- 1 Mande komite kan yo, ajans jesyon kan, e lot otorite lokal si nou gen yon plan evakyasyon pou kan nou
- 2 “Idantifye yon kote ki lwen danje, yon wout sekirize pou rive la, e yon kote ki lwen danje pou reuni avek famni w si nou separe – e partaje plan sa a avek famni w”

SOU TEREN: KARTOGRAFI RIS

- ⇒ Si ekip OSM te déjà visite kan nan, itilize kat OSM, si yo poko visite'l, fe desin yon kat simp avek kan nan e kominote ki pwoch li
- ⇒ Mande partisipan yo pour idantifye kek danje nan kan yo
- ✓ Kote ki toujou gen inondasyon apre lapli
- ✓ Kanal, rive, ravin yo ki kapab gen inondasyon
- ✓ Kote ki kapab gen glis te a
- ✓ Pon ki kapab gen inondasyon oubyen kapab kase
- ✓ Wout ki pa bon
- ✓ Fil couran ki kapab kase
- ✓ Batiman ki pa solid ki kapab tonbe
- ✓ Zon ki gen ris pwopogasyon insendi
- ✓ Kote avek anpil van
- ⇒ Mande partisipan yo pou idantifye kote ki gen sekirite
- ✓ Bon wout ki normalman pa gen inondasyon
- ✓ Kote nan kan ki normalman pa gen inondasyon
- ✓ Batiman ki solid
- ✓ Kote ki lwen danje a (teren foot, park pou timoun, etc)
- ✓ Batiman kominote (legliz, lekòl, etc)
- ✓ Kay yon zamni oubyen famni nou

PANDAN

- 1 Se pou w toujou veyatif pou si ta gen yon lòt danje. Siklòn yo nòmalman toujou pote gwo lapli, fasilman yo kapab lakoz inondasyon ak deboulonnay.
- 2 Si gen yon siklòn k ap devlope Dousman, mete byen w yo an sekirite, epi chèche yon kote ki wo pou w ka ale ou menm, fanmi w ak vwazen w.

- 3 Si gen yon inondasyon k ap devlope rapid, soti epi ale yon kote ki wo.
- 4 Si gen yon deboulonnay tè, sòti kote a prese prese epi pa rete pran okenn bagay pèsònèl.
- 5 Koute bri ki kapab fè w konnen lè wòch ka tombe ak lè ka gen deboulonnay tè.

SOU TEREN

Nan ti gwoup avek 10-20 moun, ou kapab fasilite yon diskisyon sou lot danje ki gen yon asosiyasyon avek seson siklon nan.

Aprè, fasilite yon diskisyon sou ris ki konstate an wo, e fe yon ti examini pou pemet nou konnen si partisipan yo kompren ris sa yo byen: “ki sa nou dwe fe le nou we yon a) inondasyon ki komanse piti piti, b) yon inondasyon rapid, c) yon glis te a, d) le nou tande gwo bri”

APRE:

- 1 Pa travèse dlo. Li kapab pa posib pou wè si l ap prale rapid oubyen si l fon kote w ap gade a.
- 2 Rete veyatif pou dechè yo oubyen debri ki tonbe yo, bagay pwenti, menm jan ak bagay ki kapab envizib yo anba dlo.
- 3 Pa manyen fil kouran oubyen kab, mache ak pridans, evite rantre nan labou pou n ka evite chòk elektrik.
- 4 Gen anpil pridans avèk tant yo akabri pwovizwa yo.
- 5 Vwazen ki kapab pa stab aprè yon tanpèt. Gen yon pridans espesyal pou lè n ap travèse pon oubyen lòt estrikti ki ka pa fin an sekirite. Kèk fwa li konn pa fasil pou wè danje sa yo.

SOU TEREN

Nan ti gwoup avek 10-20 moun, ou kapab fasilite yon diskisyon sou danje ki kapab rive nan kan pa yo

Fasilite yon diskisyon sou ki sa nou dwe fe pou chak ris ou danje nou te idantifye, e ou kapab imajine kek situasyon.

JESYON ABRI NOU

Pouabri, nou kapab presente strateji e mesaj yo avek demonstrasyon yo

ANVAN:

- 1 “Pran plis prekosyon: mare kod yo, prela ki lach yo, bouche kote ki koule yo pou van ak lapli”
- 2 Rempli sak yo avek te e sab. Si w mete l alantou deyo tant w, l kapab amèche dlo antre. Si w mete l anndan tant w, yo kapab peze tant lan.

3 Fouye kanal alantou abri n pou ampeche dlo antre

4 “Pa mete bagay ki lou kote ki wo, ranje tout bagay ki kapab sote sot tonbe k ap mete vi w an danje”

5 “Kite rout pou n soti yo lib pa kite fatra ladan l, pou ou menm ak famni ou kapab sote vit si li nesese”

SOU TEREN

Demonstrasyon yo

ALET ORANJ

SOU TEREN

Pou tant yo, suiv 3 etap sa yo:

1 retire kod ki mare tant lan

2 pliye tant lan

3 mete 3 gwo woch sou tant lan

Pou abri proviswa yo, suiv 3 etap sa yo

1 Ranfose pot ak fenet yo: klouye 2 planch an kwa, men asire nou fe sa sou kote pot la ouvri

2 mete “kod pwoteksyon kont siklon” sou tet kay nou

3 pou abri proviswa plastik, retire plastik

Pou tout moun:

1 Dekonekte kouran e rezo si ke ou gen aksè ak sa yo

SOU TEREN

Demonstrasyon yo

ALET AK ENFOMASYON

Strateji jeneral: : pou alet yo, komanse diskisyon avek komite kan yo, e le nou deside kek strateji ki pi bon pou kan nan, partaji strateji yo avek moun ki rete nan kan yo.

ANVAN

1 Fok nou konnen sistem alet DPC: alet oranj ak alet rouj.

SOU TEREN: DRAPO

- ⇒ Etabli yon sistem drapo ki korespon ak sistem alet DPC

2 2 “Veye anons ofisyel yon nan radio lokal e radio nasyonal a lide nan kominote w la”

SOU TEREN: GWROUP RADYO YO

- ⇒ Tout moun pa gen akses radyo – nou pral ankouraje moun pou cheche konnen si vwasin yo gen yon radyo e organise gwoup famni ki kapab partajemenn radyo.

3 Chita pale avek famni w pou fe yon plan ki kapab fe n konnen ki sa nou pral fe le n tande “alet orange” oubyen “alet rouj”

SOU TEREN: PLAN FAMNI

- ⇒ Ankouraje chak famni pou defini yon plan avek aksyon yo pral fet le yo tande “alet oranj” oubyen “alet rouj”

4 “Gen yon atansyon espesyal pou granmoun yo, timoun yo, moun ki andikape y oak gwoup ki vilnerab yo, yo kapab pa konnen sa k ap pase a paske li kapab posib pou yo pa gen akse pou yo ta konnen enfomasyon sa yo”

SOU TEREN: PLANIFIKASYON AVEK MOUN VILNERAB

- ⇒ Ankouraje moun yo pou chita pale avek moun vilnerab tankou granmoun e andikape pou esplike plan nan.
- ⇒ Ankouraje moun pou devlope yon “buddy system”, sa vle di pou chak grandmoun oubyen moun andikape, nou jwenn yon moun ki kapab pran responsabilite pou ede moun vilnerab sa a pou evakiye si li nesese

5 Fok nou konnen: DPC oubyen OIM kapab voye’n yon SMS avek enfomasyon sou seson siklon nan

ALET ORANJ

1 Kontinye koute radyo ak tout konsey otorite yo

2 Pa bliye, youn di lot ; pataje konsey sa yo ak vwazen, ak pwoch ou.

3 Diskite enko plan kontingens famni n

4 Verifye si ou we yon drapo orange

5 Fok nou konnen: DPC oubyen OIM kapab voye’n yon SMS avek enfomasyon inpotan. Si nou resevwa’l, di vwasin w ki pa gen akses telefon oubyen ki pa kapab li

PANDAN

1 Koute tout dènye nouvèl ak enfomasyon yo bay nan radyo epi koute lidè ki nan kominote w la.

2 Fok nou konen: DPC oubyen OIM kapab voye'n yon SMS avek enfomasyon inpotan

3 Tande chanjman yo ak enstriksyon ki kapab transmèt si sitiyasyon an chanje.

4 Fok nou sonje: apre yon siklon, ond radyo yo oubyen signal telefon kapab koupe

5 Fok nou konen nimewo impotan sa yo:

- ⇒ Polis/Ponpye
- ⇒ MINUSTAH
- ⇒ Kwa Rouj

APRE:

1 Toujou enfòmè w nan radyo, epi tande mesaj enpòtan lidè kominote w la ap bay.

2 Fok nou konen: DPC oubyen OIM kapab voye'n yon SMS avek enfomasyon inpotan

3 Pa sòti deyò si w pa konnen si l an sekirite.

SEKIRITE FAMNI NOU

Strateji jeneral: organise kek gwoup ki gen 10-20 moun ki tet famni pou fe yon bon diskisyon, e replike diskisyon sa a toupatou.

ALET ORANJ

1 “Sere dokiman enpotan w nan yon plastik ki pa ka moue (pyes idantite, papyè te, kat vaksinasyon timoun yo, elatriye)”

2 Prepare yon ti valiz ak kek bagay pesonèl nou an ka si nou ta gen pou n ta deplase byen vit, tankou manje (espasyalman manje tibebe), dlo potab, medikaman, savon, e dokiman w

3 Si w genyen kek rad pwop epi ki gen manch long l ap pwoteje w anpil pou mayengwen pa mode w apre siklon nan e proteje timoun kont freddi si yo mouye

4 Si w gen radio ak flash ki gen pil, yo nesese anpil. Batpou w gen pil rezeve.

5 Sonje pou w toujou chaje telefon ou, epi bat pou l toukou gen kat disponib sou li.

SOU TEREN: “CHECKLISTS”

- ⇒ Ankouraje moun pou devlope “checklists”, yo kapab ekriye'l oubyen fe desen'l si yo pa kapab li, e partaje checklist sa a avek famni yo e mete'l nan yon kote ki visib

ALET ROUJ:

1 Ale kay yon zanmi, yon fanmi ki an sekirite oubyen nan yonabri ki pare pou sa

2 Pa bliye : medikaman, manje tibebe ak tout papyè enpotan w

3 Ede moun ki pi vilnerab yo, tankou : granmoun, timoun, fanm ansent ak andikape

4 Kontinye koute radyo ak tout konsey otorite yo

5 Rete ke kal

6 Pa bliye, youn di lot ; pataje konsey sa yo ak vwazen, ak pwoch ou.

SOU TEREN: "CHECKLISTS"

⇒ Ankouraje moun pou developpe "checklists", yo kapab ekri l'oubyen fe desen l' si yo pa kapab li, e partaje checklist sa a avek famni yo e mete l' nan yon kote ki visib

PANDAN:

1 Pandan yon siklòn, n ap an plis sekirite si nou rete anndan epi l ap pi bon si nou pa bat pou n wè sa k ap pase deyò a.

2 Bat pou w rete yon kote ki an sekirite, lwen fenèt, pòt, ak tout lòt bagay ki kapab vin yon danje pou ou.

3 Dekonekte tout sous enèji, tankou gaz ak kab elekytrik yo si w gen aksè ak sa yo.

4 Bat pou n pa itilize balèn oubyen lanp ki kapab lakoz dife pran. Si nou itilize flach ak pil l ap pi bon.

5 Bat pou w pa fè twòp apèl sou telefòn nou. Sa kapab bloke rezò yo epi ou kapab bezwen chaj la ak kredi ou genyen sou li a pou w ka fè apèl ijan.

SEKIRITE TIMOUN YO:

1 Fè anpil pridans ak timoun yo, ede yo konprann sa k ap pase a, yo kapab pè paske yo pa konprann sa k ap pase a.

2 Jwe, chante ak jwèt espesyal ap ede timoun yo anpil

SOU TEREN

Travay avek maman nan kan yo pou developpe idee yo sou ki kalite jwet kapab

APRE

1 Yon fwa ou an sekirite pou w sòti, evite kote ki gen pwoblèm yo epi toujou rete okouran sou lòt danje yo.

2 Pran prekosyon espesyal pou w ka siveye timoun yo, sa ka rive yo paka wè lòt danje yo.

3 Si w gen aksè ak sous enèji yo, tankou gaz ak fil elektrik pa itilize yo sèlman yo te di nou ke li bon pou n itilize yo.

4 Bat pou n seche rad ak bagay pèsònèl nou ki mouye yo pi rapid posib paske yo ka pouri oubyen nou ka pèdi yo.

5 Verifye tout bagay pèsònèl nou, gade si yo gate oubyen si n pa wè yo.

IN PRACTICE

Fasilite diskisyon avek gwoup ki gen 10-20 moun anndan

PREMYE SWEN/ SANTE AK PWOPTE

Strateji jeneral: fe demonstrasyon strateji premye swen toupatou nan kan yo, e fe yon promosyon jeneral sou sante e pwopte.

PANDAN

DLO AK PWOPTE

- 1 Bat pou w gen yon mwayen pou si w bezwen twalèt pandan yon ti tan si l nesè.
- 2 Pa jete twalèt la pre moun, paske mikwòb li genyen yo kapab lakoz maladi.
- 3 Dlo inondasyon pa bon pou w bwè, li sal epi li plen mikwòb, li kapab fè w malad.. Sèlman bwè dlo si w kwè ke w ka bwè l

SOU TEREN

Sujet pwopte gen infomasyon sensitif anndan, se yon bon idee si ou gen diskisyon pwopte avek ti gwoup moun.

PREMYE SWEN/ SANTE

- 1 Si yon moun sispan respire, leve manton l e panche tet l en wo pou pemet l respire – e cheche ed toutswit
- 2 Si gen moun ki blese, peze sou blesi a avek yon rad ki pwop. Si rad la gen twop san, pa retire premye rad sa a. Mete yon lot rad sou premye rad la e kontinye peze sou li. Leve blesi a pi wo pase ke moun nan, sa kapab anpeche san koule.
- 3 Si moun gen yon zo kase, soutni l avek 2 planch e asire n ke moun nan pa fe anpil mouvman, e cheche ed toutswit
- 4 Si gen youn moun nan eta chok, fok nou pa ba l dlo. Nou kapab konnen si moun nan eta chok si :
 - Li gen tansyon ki tre ba
 - ✓ Li santi yon toudisman
 - ✓ Li santi feb oubyen li envi vomi
 - ✓ Li swe anpil
 - ✓ Li gen respirasyon rapid e kout
 - ✓ Li gen oule nan pwatrin, zong ki blue
 - ✓ Li pa gen lisidite

5 Timoun ak granmoun yo tre a ris pou “hypothermia” e infeksiyon po a si yo rete nan zon ki gen inondasyon; fok nou proteje yo kont dlo ak van.

SOU TEREN

Demonstrasyon yo

APRE

- 1 Maladi yo kapab gaye fasilman aprè yon ijans
- 2 Dlo inondasyon pa bon pou w bwè, li sal epi li plen mikwòb, li kapab fè w malad.
- 3 Jete twalèt yo nan latrin kan w lan, pandan w ap pran prekonsyon espesyal ak twalèt timoun yo, ki gen anpil mikwòb ki kapab lakoz maladi.
- 4 Lave men w avèk dlo ak savon si w gen aksè ak sa yo paske yo kapab ede w nan prevansyon maladi yo, espesyalman anvan w prepare manje, aprè w fin manje ak aprè lè w sòt nan twalèt.
- 5 Mayengwen yo renmen grandi kote ki gen ma dlo ki gen tan. Ranmase fatra yo epi kouvri tout bagay ou mete dlo pou n ka evite yo fè mayengwen tou prè ak anndanabri pwovizwa yo.

SOU TEREN

Mesaj yo tre tre tre inpotan: nou dwe fe yon promosyon jeneral.